



Pou Piblikasyon Imedya: 10/06/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PATENARYA AK SANT NASYONAL POU
KONPETANS KILTIRÈL INIVÈSITE GEORGETOWN LAN KI KOUTE 10 MILYON
DOLA**

*Envestisman Eta a vize amelyore divèsite, ekite, enklizyon ak konpetans kiltirèl ak
lenguistik*

*Plan twazan pou enkli devlopman plan, angajman kominotè, aplikasyon plan, ak mezi
pwogrè*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a Biwo pou Moun Ki Gen Andikap Devlopmanal (Office for People with Developmental Disabilities, OPWDD) Eta New York te antre nan yon patenarya pou twazan, ki evalye a 10 milyon dola ak [Sant Nasyonal pou Konpetans Kiltirèl Inivèsite Georgetown \(Georgetown University's National Center for Cultural Competence, NCCC\)](#) pou avanse politik ak pratik divèsite, ekite, enklizyon ak konpetans kiltirèl ak lengistik nan tout konpozan sistèm sipò ak sèvis OPWDD pou moun ki gen andikap devlopmanal yo.

"Pandan n ap travay di pou ankouraje divèsite, ekite, ak enklizyon nan kominote nou yo, mwen kontan pou m rantre nan patenarya enpòtan sa a ak Georgetown University", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Travay twazan sa a pral ede kraze baryè ki souvan anpeche Nouyòkè ki gen andikap devlopmanal, fanmi yo ak moun ki sipòte yo ki resevwa sèvis yo bezwen pou yo pwospere."

Komisè OPWDD a, Kerri E. Neifeld, te deklare, "NCCC Georgetown University a te distenge tèt li kòm yon lidè nan espas DEI. Avèk patenarya sa a, OPWDD pral kapab atire ekspètiz yo pandan n ap aprann nan men moun ki gen enterè nou yo epi amelyore konsyantizasyon nou sou divèsite, ekite, enklizyon ak pwoblèm konpetans kiltirèl nan sistèm aktyèl nou an. Eta New York, ki te dirije pa Gouvènè Hochul, te montre gwo angajman nou pou abòde pwoblèm DEI ak CLC. Avèk sipò ak konsèy NCCC, OPWDD pral byen ekipe pou non sèlman amelyore konpetans kiltirèl nan mendèv nou an, men tou atenn yon fason efikas yon gwoup moun ki gen enterè ki pi laj ki bezwen sèvis nou yo."

Profesè Asosye ak Direktè NCCC Georgetown University a, Tawara D. Goode, te deklare, "Pwofesè a ak Anplwaye NCCC Georgetown University yo kontan anpil pou l

fè patenarya ak OPWDD New York ak lòt moun ki gen enterè yo pou avanse CLC ak DEI nan sistèm sipò ak sèvis pou moun ki gen andikap devlopmantral yo, fanmi yo ak kominote kote y ap viv yo. Nou bat bravo pou OPWDD pou angajman li ak investisman nan resous lipou amelyore kapasite sistèm aktyèl li a pou reponn ak enterè ak bezwen moun ki gen andikap devlopmantral yo ak fanmi yo atravè divès gwoup rasyal, etnik, kiltirèl ak linguistik."

Senatè Eta a, John W. Mannion, te deklare, "Moun yo dyagnostike ak yon andikap entelekyèl oswa devlopmantral soti nan divès orijin etnik ak kiltirèl. Li enpòtan pou moun ki reskonsab swen yo reflekte reyalyte sa a epi yo gen bon fòmasyon konsènan divèsite, ekite, ak enklizyon kiltirèl. Patenarya New York ak Georgetown University pral pote meyè pratik nan OPWDD epi pèmèt eta a pi byen sipòte Nouyòkè yo ak I/DD. Mwen bat bravo pou Gouvènè Hochul pou angajman li pou ranfòse ak kontinye amelyore sistèm livrezon swen eta a."

Ofisye Divèsite Anchèf Eta New York, Julissa Gutierrez, te deklare, "Patenarya sa a se yon premye investisman nan kalite li pou ranfòse divèsite, ekite, enklizyon, ak konpetans kiltirèl ak linguistik atravè tout sistèm OPWDD a. Nan priyorite angajman moun ki gen enterè yo, ki gen ladan moun k ap chèche sèvis ak fanmi yo, li klè ke NCCC Georgetown University a ak OPWDD konprann ke moun ki gen plis enpak sou politik gouvènman an se ekspè nan kreye solisyon yo. Mwen bat bravo pou lidèchip Gouvènè Hochul ak Komisè Neifeld epi mwen pa ka tann pou mwen aprann nan patenarya sa a pou nou kapab entegre divèsite, ekite, ak enklizyon nan tout politik, pwogram, ak sèvis Eta a yo."

Ofisye an Chèf pou Moun ki Andikape nan Eta New York yo, Kimberly Hill, te deklare, "Mwen kontan dèske, anba lidèchip Gouvènè Hochul, OPWDD ak Georgetown University ap fè patenarya ansanm pou konsantre sou amelyorasyon divèsite, ekite ak enklizyon. Nou ta dwe fè tout sa ki posib pou amelyore kapasite tout Nouyòkè ki andikape yo pou yo jwenn sèvis yo bezwen pou yo viv poukont yo nan kominote nou yo, sitou si nou kapab vize kominote ki te majinalize yo. Kolaborasyon konsa a pral kontribiye anpil nan direksyon pou vrèman kreye yon eta ki pi enklizif."

Pandan patenarya a, OPWDD pral travay ak ekip pwogramasyon ak administratif NCCC a ki pral non sèlman gade politik ak pwogram ajans lan, men tou, li pral revize valè debaz yo, estrikti, pratik, konpòtman ak atitud debaz yo pou lye CLC ak DEI nan nwayo sistèm sipò OPWDD a. Inisyativ la gen de domèn prensipal li konsantre sou li — OPWDD espesyalman ak sistèm sèvis la an jeneral.

Pwojè sa a se rezilta yon gwo sansibilizasyon ak pati konsène yo pou kominote ki pa sèvi ase yo pandan pwosesis planifikasyon estratejik OPWDD pandan senk ane a. Moun k ap chèche sèvis, manm fanmi, zanmi ak founisè sèvis yo rekòmande pou OPWDD bay DEI ak CLC priyorite nan planifikasyon pou ane kap vini yo. Anplis finansman ki atribiye nan Lwa sou Plan Sekou Ameriken (American Rescue Plan Act) an pral bay OPWDD yon opòtinite finansman inik yon sèl fwa pou sipòte ranfòsman zòn sa yo.

Lè Georgetown òganize sesyon aleka epi bay konsiltasyon, li pral ede founisè sèvis yo, anplwaye yo, moun ki gen andikap devlopman yo ak fanmi yo devlope yon plan dakasyon. Inivèsite a pral evalye bezwen devlopman pwofesyonèl anplwaye OPWDD yo epi bay fòmasyon kontinyèl ak yon anfaz sou chanjman òganizasyonèl. Georgetown pral bay OPWDD tou sèvis konsiltasyon sou devlopman estanda, referans ak lòt mezi pou evalye DEI ak CLC nan tout sistèm sèvis la. Rezilta yo pral fè pati nan Plan Dakasyon OPWDD a.

Georgetown pral ofri tou asistans teknik ak sèvis konsiltasyon bay Kominote Pratik Eta New York, yon òganizasyon pou founisè sèvis andikap devlopman yo. Inivèsite a pral angaje rezo founisè a pou evalye fòs ak feblès ki egziste deja pou avanse DEI ak konpetans kiltirèl ak linguistik nan òganizasyon pa yo.

Anplis de sa, OPWDD pral lage yon demann pou aplikasyon pou sibvansyon ki gen rapò ak DEI bay founisè ki nan sistèm sèvis OPWDD a. OPWDD pral bay sibvansyon ak asistans konsiltasyon nan men Georgetown epi li pral ankouraje DEI atravè tout sistèm sèvis la pou moun ki gen andikap devlopman yo.

NCCC Georgetown University bay lidèchip nasyonal epi kontribye nan ansanm konesans sou konpetans kiltirèl ak linguistik nan sistèm ak òganizasyon yo. NCCC mete aksan sou tradui prèv nan politik ak pratik pou pwogram ak pèsònèl ki konsène ak livrezon swen sante ak sante mantal, administrasyon, edikasyon ak defans.

Pou plis enfòmasyon, vizite [OPWDD](#) ak [NCCC Georgetown University a](#), oswa kontakte communications.office@opwdd.ny.gov.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418